



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF KI MANDE MTA POU DEVLOPE YON PLAN POU RANFÒSE KONFÒMITE NAN ZAFÈ MASK NAN SISTÈM TRANSPÒ PIBLIK LA**

***MTA pral emèt amann 50 dola pou pasaje ki refize mete mask nan transpò piblik***

***Règ dijans lan antre anvigè nan tren ak bis Vil New York yo, Metro-North ak Long Island Rail Road nan lendi 14 septanm***

***Vini apre Dekrè Egzekitif Gouvènè Cuomo a ki mande tout moun pou mete mask nan transpò piblik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon dekrè egzekitif ki mande MTA pou devlope yon plan pou ranfòse konfòmite nan zafè mask nan tren, bis ak chemendefè sistèm transpò piblik la.

Pou reponn ak direktiv sa a, MTA te anonse pasaje yo ki refize mete yon mask nan transpò piblik ka resevwa yon amann 50 dola. Nouvo mezi sa a - ki pral anvigè lendi 14 septanm - vini apre Dekrè Egzekitif 202.18 Gouvènè Cuomo ki te pibliye nan dat 17 avril ki egzije tout kliyan ak anplwaye pou mete yon mask pou kouvri figi pandan yo nan transpò piblik.

Ankèt MTA yo montre plis pase 90 pousan kliyan itilize mask nan tren, bis, Long Island Rail Road ak Metro-North. Amann 50 dola a se dènye mezi pou ogmante konfòmite nan zafè mask la ankò plis. Ofisye MTAPD, NYPD ak Pon ak Tinèl yo pral ranfòse konfòmite nan zafè mask la tankou tout règ ak règleman yo. Anplwaye premye liy ewoyik MTA yo pa responsab pou ranfòse sa.

"Pandan ke konfòmite nan zafè mask nan sistèm MTA a rete wo anpil, nou vle asire ke moun yo santi yo konfòtab pou tounen nan transpò piblik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te mande MTA pou pwopoze yon rejim aplikasyon lalwa pou moun yo ka konnen ke non sèlman machin yo pwòp ak estasyon yo pwòp, men tou pasaje yo pral aji kòm sadwa. Nou dwe kapab di ak piblik transpò a ke tout moun pral mete mask - epi si yo refize mete mask, y ap resevwa sanksyon."

"Ekspè sante yo dakò ke mete yon mask se pi bon bagay nou ka fè pou limite pwopagasyon COVID-19", **Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Patrick J. Foye te deklare.** "Amann 50 dola a ba nou yon lòt zouti pou ede atenn objektif

itilizasyon inivèsèl mask nou an nan tren, bis Transpò Vil New York, Long Island Rail Road ak Metro-North Railroad".

"Nou konnen pi fò Nouyòkè deja ap fè sa ki kòrèk la ak mete yon mask pandan y ap itilize transpò nou", **te deklare Sarah Feinberg, Prezidan Pwovizwa Transpò Vil New York.** "Amann lan se dènye mezi rekou pou sila yo ki refize konfòme. Li enpòtan pou tout kliyan fè pati pa yo pou kenbe sistèm nou an san danje."

MTA te lanse kanpay agresif sou sansibilizasyon piblik la, "Operasyon Respè". nan kad yon estrateji plizyè nivo pou ankouraje pasaje yo mete yon mask pou kouvri figi pandan yo nan transpò piblik. Ajans lan te mete disponib 4 milyon mask nan Eta New York ak Vil New York gratis nan kyòsk, nan Transpò Vil New York, Long Island Rail Road ak Metro-North Railroad. Plizyè santèn volontè nan "Mask Force" MTA ap distribiye mask sa yo pou pasaje nan tout sistèm lan.

MTA te deplwaye distribitè otomatik nan estasyon Transpò Vil New York, Long Island Rail Road ak Metro-North ki pèmèt kliyan yo achte ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (PPE) pou COVID-19. Distribitè yo, nan kad yon pwogram pilòt, ofri mask figi ki re-itilizab, gan, dezenfektan pou men ak papye dezenfektan. Anplis de sa, MTA te enstale distribitè mask chirijikal yo nan 360 bis nan 15 itinerè pou ede plis pwoteje kliyan yo ki nan bis.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)